



Pou Piblikasyon Imedya: 11/07/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL AK LIDÈ MAJORITE SENA SCHUMER ANONSE MENLO MICROSYSTEMS PRAL ENVESTI 50+ MILYON DOLA POU REPARE YON IZIN FABRIKSYON MIKWO-ELEKTWONIK NAN KONTE TOMPKINS, POU POTE PLIS PASE 100 NOUVO TRAVAY KI BYEN PEYE NAN NÒ NEW YORK

Schumer pèsònèlman te rele PDG Menlo Micro a ane pase a pou ankouraje yo investè nan nò Eta New York; koulye a, konpayi an te koute apèl li a epi li te chwazi yon etablisman nan Lansing, NY, ak Albany NanoTech Complex k ap sèvi kòm syèj sant mondyal R&D konpayi an pou ranfòse nouvo fabrikasyon nasyonal

Menlo Micro site Lwa sou CHIPS & Syans Schumer a, Kredi Taks Excelsior Jobs Gouvènè a kòm yon atirè pou ramne travay semi-kondiktè nan Etazini, nouvo etablisman inik pou fabrikasyon komitatè mikwopis nan rejyon an

Ideyal Izin Menlo Micro a bati sou efò Eta ak federal yo pou devlope ekosistèm fabrikasyon pis nan Eta New York, apre patenarya istorik pou pote Micron, Edwards Vacuum nan New York la

Gouvènè Kathy Hochul ak Lidè Majorite Sena Ameriken an Charles Schumer te anonse jodi a ke apre yo t ap defann depi lontan pou te fè New York vin yon sant manifakti mikwo-elektwonik mondyal ak [apèl pèsònèl Schumer te fè bay PDG Menlo Micro a Russ Garcia](#) ane pase a, konpayi an te koute apèl yo epi yo pral investè plis pase 50 milyon dola pou konstwi premye enstalasyon mikwo-elektwonik nasyonal pa yo nan Konte Tompkins, sa k ap kreye plis pase 100 nouvo djòb ki byen peye.

"Avèk akò sa a pou mennen Menlo Microsystems nan Konte Tompkins, n ap deklare Eta New York yon lòt fwa ankò kòm yon Rejyon Pis", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Teknoloji pis revolisyonè Menlo Micro a alimante zouti ak elektwonik ke Nouyòkè yo konte sou yo chak jou, epi gras ak yon patenarya remakab ant ofisyèl lokal, eta, ak federal, etablisman pwodiksyon New York yo pral kreye plis pase 100 djòb teknoloji avanse epi debloke plizyè milyon dola nan investisman pou sipòte tout rejyon an. Mwen kontan akeyi Menlo nan ekosistèm fabrikasyon pis New York la pandan n ap kontinye travay nou pou atire biznis inovan 21èm syèk yo ki pral bay travay ki byen peye, devlope sektè manifakti avanse nou an, epi fè ekonomi nou an avanse."

Lidè Majorite Sena a, Chuck Schumer, te deklare, "Avèk Lwa sou CHIPS & Syans mwen an kòm yon atirè, Menlo Micro pral investi 50+ milyon dola pou konstwi premye etablisman fabrikasyon nasyonal pa yo pou teknoloji dènye kri pa yo isit la nan Konte Tompkins! Ane pase a, mwen pèsònèlman te rele PDG Menlo Micro pou m di l ke Nò Eta New York se pwochen fwontyè pou fabrikasyon mikwo-elektwonik ak semi-kondiktè, epi mwen kontan kounye a y ap pote 100 nouvo djòb ki byen peye nan Konte Tompkins. Mwen bat bravo pou Menlo Micro pou gwo investisman sa a ki pral ede estimile avni ekonomik Konte Tompkins ak Etazini an nan fabrikasyon teknoloji, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul pou patenarya li pou ede transfòme Nò NY an yon sant mondyal pou inovasyon, teknoloji avanse ak djòb manifakti avanse. Zòn Ithaca a an jeneral san dout ap mennen bak la nan rechèch ak devlopman ak bati avni teknoloji a, epi Menlo Micro pral ede ranfòse lidèchip rejyon an davantaj, pandan y ap ede sekirize chèn apwovizyonman mikwo-elektwonik enpòtan Etazini yo ki alimante tout bagay soti nan kominikasyon 5G pase nan rezo elektrik la rive nan enjenyeri ayewospasyal ak teknoloji komitatè pa yo ki fèt isit la menm nan Konte Tompkins. Soti nan investisman istorik Micron nan NY Santral, rive nan nouvo izin Wolfspeed nan Mohawk Valley, Edwards Vacuum byento pral kòmanse pwodiksyon nan Rejyon Lwès NY, GlobalFoundries te planifye ekspansyon nan Rejyon Kapital la, Onsemi ap investi nan Hudson Valley, epi kounye a Menlo Micro ap aplifye chèn apwovizyonman semikondiktè nou an nan Southern Tier, n ap ramne manifakti nan Etazini, ramne li nan Nò Eta New York!"

PDG Menlo Micro a, Russ Garcia, te deklare, "Anons jodi a reprezante premye etap pou ogmante siyifikativman kapasite pwodiksyon nasyonal Komitatè Ideyal nou an pou ede sekirize enfrastrikti enpòtan yo epi ranfòse basyon teknoloji Etazini an. Nou vle remèsye Lidè Majorite Sena a, Schumer, pou lidèchip li sou Lwa CHIPS ak Syans lan, ki bay sipò dirèkteman epi ki an amoni ak plan nou an pou delokalize kapasite fabrikasyon nou yo. Mwen espere kontinye travay ansanm avèk Senatè Schumer, Gouvènè Hochul, Senatè Gillibrand, Reprezantan Molinaro ak tout delegasyon New York la pandan n ap kòmanse inogirasyon pwochen jenerasyon elektrifikasyon an, ki ofri pri ak ekonomi enèji san parèy pou endistri esansyèl Etazini yo. Nou kwè pwojè modènizasyon izin sa a an amoni 100 pousan ak direktiv prezidansyèl la pou fè fabrikasyon semi-conducteurs tounen nan Etazini."

Schumer ak Hochul te deklare ke modènizasyon nouvo izin Ideyal Menlo Micro a deja kòmanse nan Vilaj Lansing. Menlo Micro deja pyonye teknoloji komitatè pwochen jenerasyon. Komitatè ki wotman efikas sa yo gen yon gwo baz aplikasyon, tankou ayewospasyal, enèji, kominikasyon, enfrastrikti enpòtan ak plis ankò. Komitatè sa yo se yon eleman enpòtan tou nan endistri mikwo-elektwonik la, ki sipòte kwasans endistri semi-kondiktè nasyonal la k ap estimile akòz *Lwa sou CHIPS ak Syans* Schumer a.

Pou sipòte konstriksyon nouvo izin Menlo Micro a, Empire State Development pral bay 6.5 milyon dola nan Kredi Taks Excelsior Jobs ki baze sou pèfòmans an echanj pou 122 nouvo djòb nan etablisman Ithaca pa yo. Menm jan ak tout pwojè Excelsior Jobs yo, Menlo Micro pral resewa kredi yo apre yo fin demontre ke yo respekte travay yo ak angajman investisman yo.

Ak yon eritaj nan devlopman nan nò Eta New York, Menlo Micro espere fabrikasyon ki baze nan Etazini yo prevwa kòmanse an 2024 ak nouvo izin k ap baze nan Konte Tompkins ki pral pwodwi dè milye plakèt pa mwa lè li totalman operasyonèl. Menlo Micro gen patenarya inivèsite aktif ak SUNY Polytechnic Institute ak University of Albany, ak espwa pou elaji patenarya rechèch ak devlopman mendèv li yo nan Cornell University ak lòt inivèsite atravè Nò New York ak lansman nouvo Izin Ideyal la nan Konte Tompkins.

Gras a *Lwas sou CHIPS ak Syans* Schumer a ak [lejislasyon Green CHIPS](#) transfòmatif Gouvènè Hochul la, Nò Eta New York deja wè yon gwo renesans nan fabrikasyon teknoloji. Micron te anonse yon investisman istorik 100 milya dola pou konstwi yon izin memwa dènye kri nan New York Santral, GlobalFoundries ap konsidere yon ekspansyon nan Rejyon Kapital la, Onsemi fèk akeri yon izin nan Hudson Valley pou ebèje inik izin kaptè imaj ak pwisans diskre ki mezire 12 pou nan Etazini, ak Wolfspeed dènyèman ouvri premye, pi gwo enstalasyon kabi silisyòm ki mezire 200 mm nan mond lan nan Mohawk Valley la. Anplis de sa, Nò New York se-lakay founisè tankou Corning Incorporated tou, ki fabrike vè ki enpòtan pou endistri mikwopis la nan izin Canton ak Fairport, NY li a, epi Edwards Vacuum, dènyèman te anonse yon investisman 300+ milyon dola pou konstwi yon etablisman fabrikasyon ponp sèch pou sipòte endistri pis la nan rejyon Lwès New York la. Schumer ap pouse tou pou fè Albany Nanotech Complex la, kote Menlo aktyèlman ap fè R&D an eleman semi-kondiktè pwochen jenerasyon, sant prensipal premye Sant Teknoloji Semi-kondiktè Nasyonal (National Semiconductor Technology Center, NSTC) nan peyi a. Gwo ekspansyon pwodiksyon semi-kondiktè nasyonal la ap kreye tou opòtinite enpòtan pou kwasans nan itilizasyon teknoloji Menlo Micro a, k ap lakoz investisman tankou anons nan Konte Tompkins lan.

Schumer gen yon istwa long nan batay pou avanse investisman nan fabrikasyon semi-kondiktè ak R&D ak ekonomi teknoloji a an jeneral nan nivo federal la. Nan mwa me 2020, [Schumer te prezante *Lwa sou Fwontyè san Limit \(Endless Frontier Act\)* bilateral li a](#) pou ogmante nouvo resous nan R&D federal atravè kreyasyon yon direksyon teknoloji Fondasyon Syans Nasyonal ki konsantre sou domèn teknoloji kle tankou enfòmatrik ki mezire pwopòsyon, enèji avanse, AI, kalkil enfòmatrik avanse, ak plis ankò. Lwa sou Fwontyè san Limit Schumer a te pwopoze tou yon nouvo pwogram sant teknoloji rejyonal 10 milya dola pou investi nan kèk rejyon atravè peyi a ki gen gwo potansyèl pou dirije nasyon an nan rechèch, devlopman ak fabrikasyon teknoloji.

Nan mwa jen 2020, [Schumer te entwodui *Lwa sou Fondri Ameriken \(American Foundries Act\)* bilateral li a](#) pou otorize nouvo ankourajman federal pou elaji fabrikasyon semi-kondiktè nasyonal ak R&D. Schumer te ajoute avèk siksè pwojè lwa sa a kòm yon amannman nan Lwa Otorizasyon Defans Nasyonal (National Defense Authorization Act, NDAA) pou Ane Fiskal 2021 an, ki otorize pwogram fabrikasyon semi-kondiktè CHIPS ak pwogram R&D yo. Nan mwa [jen 2021, Schumer te pase avèk siksè nan Sena a *Lwa sou Inovasyon ak Konpetisyon Etazini an \(U.S. Innovation and Competition Act, USICA\)*](#), lwa li te prezante ki te konbine Lwa sou Fwontyè san Limit li an pou fè yon investisman enpòtan nan rechèch, devlopman, fabrikasyon ak inovasyon lòt lejislasyon

sou konpetitivite. Nan kad pakè sa a, Schumer te enkli tou 52 milya dola nan afektasyon siplemantè pou ijans pou aplike pwogram fabrikasyon ak R&D ki gen rapò ak semi-kondiktè tankou NSTC ke li te [mete presyon pou otorize li avèk siksè](#) nan Lwa sou Defans Nasyonal pou Ane Fiskal 2021 an. Efò lejislatif sa yo te abouti nan dènye pasaj la ak siyati an lwa ki bay *Lwas sou CHIPS ak Syans* ane pase a.

Nan mwa out 2022, Gouvènè Hochul te siyen lejislasyon Green CHIPS istorik New York ki se premye nan nasyon an pou ranfòse fabrikasyon semi-kondiktè nan eta a pandan l ap kenbe pwoteksyon anviwònman enpòtan yo. Green CHIPS la pèmèt New York pwofite yon opòtinite istorik pou atire manifakti pis yo nan eta a, jenere plizyè milya dola nan investisman sektè prive, kreye bon travay ki byen peye, epi diminye emisyon gaz efè sè ki gen rapò ak pwodiksyon pis yo. Nan etabli pwogram Green CHIPS eta a, lejislasyon an tou pozisyone Eta New York pou benefisye anpil nan Lwa sou CHIPS ak Syans federal la.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Menlo Micro se yon egzanp pafè sou talan ak filyè chèn apwovizyonman ke Eta New York ap ankouraje pandan plizyè ane. Soti nan depatman R&D pa yo nan Albany rive nan nouvo izin fabrikasyon nan Ithaca, nou te fè investisman estratejik pou asire ke manifakti avanse, gwo kou piti pral bouje pou pwofite mendèv talantye ak anpil resous ki disponib nan Eta New York yo."

Rektè SUNY an, John B. King, Jr., te deklare, "SUNY fyè anpil pou l akeyi premye laboratwa fabrikasyon nasyonal Menlo Micro a nan Eta New York. Li pral non sèlman yon lidè nan inovasyon, men li pral yon enklav plizyè santèn djòb ki gen anpil konpetans, ki gen demann ke SUNY ap prepare pou bay mendèv la. Deja, Menlo Micro te benefisye de patenarya ak SUNY Polytechnic Institute ak University at Albany, kote eleman R&D li a sitiye. Patenarya sa yo te mennen nan estaj sou plas pou elèv nou yo, ki ba yo eksperyans pratik ak teknoloji dènye kri yo bezwen pou yo reyisi nan domèn semi-kondiktè k ap grandi a."

Prezidan Lejislati Konte Tompkins lan, Shawna Black, te deklare, "Se bèl bagay pou w wè yon konpayi tankou Menlo Micro fè Konte Tompkins vin nouvo kay li. Inivèsite ki tou pre nou yo genyen kèk nan nouvo antran ki gen plis talan nan mendèv nan peyi a, epi pote travay ki gen anpil valè nan zòn nou an ap asire nou ka kenbe plis nan talan sa yo jan sa posib pandan n ap bati yon ekonomi k ap pwospere pou sèvi bezwen kominote nou an. Mèsi Senatè Schumer pou lidèchip li nan pase Lwa sou CHIPS ak Syans lan ak defans li nan non Eta New York pou asire Menlo Micro kòmanse premye pwodiksyon nasyonal li isit la."

Heather McDaniel, Prezidan, Devlopman Ekonomik Zòn Ithaca, te deklare, "Sa a se yon investisman fòmidad nan zòn Ithaca ak yon temwayaj pou patnè lokal, eta ak federal yo ki te travay ansanm pou pote izin Menlo Micro a nan kominote nou an., ak yon remèsiman espesyal pou Senatè Schumer paske li te asire pasaj Lwa sou CHIPS ak Syans lan, epi ankouraje Menlo Micro pou lokalize nan Eta New York. Yo pral

benefisye mendèv devwe ak trè edike nou an, epi nou pare pou sipòte yo nan efò yo pou kreye bon jan kalite opòtinite travay."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)